

TINDAK TUTUR TAWA DAGANGAN DENING BAKUL MIDER ING DESA SEMBUNGREJO, KECAMATAN PLUMPANG, KABUPATEN TUBAN

UYUM LIBRALIA

S1-Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
faks. Psw.115

Abstrak

Tindak tutur tawa dagangan dening bakul mider minangka salah sawijine jinis tindak tutur ilokusi komisif kang nduweni bab kang khas yaiku bisa nuwuhake pananggap saka mitra tutur kanthi ijen lan bebarengan. Jinise lageyane panutur lan pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur tawa dagangan dening bakul mider durung tau diteliti. Punjere panliten iki yaiku jinise lageyane panutur lan pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur tawa dagangan dening bakul mider ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban. Ancase panliten iki ngandharake lan njlentrehake jinise lageyane panutur lan pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur tawa dagangan dening bakul mider ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban. Paedah teoretis panliten iki yaiku kanggo nyengkuyung ilmu pragmatik lan menahi sumbangsih ngenani ukara tawa dagangan dening bakul mider. Paedah praktis kanggo ngrembakakake materi ajar basa Jawa ing sekolahan mligine jinis tawa dagangan dening bakul mider.

Panliten tindak tutur tawa dagangan dening bakul mider dilebokake jinis etnografi awit ngrembug basa kang disambungake karo konteks. Teori kang digunakake yaiku teori tindak tutur kang diandharake dening Levinson. Dhata panliten arupa ukara tindak tutur tawa dagangan dening bakul mider. Sumber dhatane asale saka chathetan lan rekaman bakul mider ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban. Tatacara nglumpukake dhata kanthi metodhe semak. Tatacarane njlentrehake dhata kanthi metodhe dheskriptif lan kategoris.

Jinise lageyane panutur sajrone tindak tutur tawa dagangan dening bakul mider diperang dadi rong jinis perangan gedhe yaiku (1) blaka langsung, lan (2) blaka ora langsung. Dene jinise pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur tawa dagangan dening bakul mider uga diperang dadi rong jinis perangan gedhe yaiku (1) nampa, lan (2) nampik. Tembung Wigati: tindak tutur tawa dagangan dening bakul mider, lageyane panutur, pananggape mitra tutur, lan konteks.

PURWAKA

1.1 Lelandhesaning Panliten

Tindak tutur tawa dagangan dening bakul mider (sabanjure TTTDBM) kalebu salah sawijine jinis tindak tutur komisif. Bab iki jumbuh karo panemune Searle (sajrone Rahardi, 2003:73) yen tindak tutur komisif yaiku wujud tuturan kang nggayutake panutur marang tumindak-tumindak ing wektu sabanjure, kayata janji, sumpah, lan tawa samubarang. Tindak tutur ngasilake teks-teks (tuturan-tuturan) kang beda adhedhasar konteks. TTTDBM kerep digunakake sajrone bebrayan dening bakul. TTTDBM ditindakake dening pawongan kanggo tawa samubarang marang wong liya kanthi cara mubeng ing salah sawijine papan utawa nekani mitra tutur minangka *konsumen* supaya nuku apa kang lagi ditawakake. Dipilih TTTDBM amarga saliyane ngganggu pocapan (*verbal*), panutur uga nggunakake cara solah bawa (*nonverbal*) sajrone TTTDBM.

Sajrone TTTDBM, panutur nindakake maneka warna cara kanggo narik kawigatene mitra tutur. TTTDBM bisa diwujudkan saka pocapan (*verbal*) lan uga bisa saka solah bawa (*nonverbal*).

TTTDBM nduweni bab kang kagolong khas. Bab kang khas sajrone TTTDBM yaiku ora ana sumber kang njalari dumadine tindak tutur kasebut. TTTDBM tuwuh saka kekarepane panutur iku dhewe tanpa oleh pangaribawa saka mitra tutur. Umume, tindak tutur kang ana ing bebrayan tuwuh jalaran oleh pangaribawa saka mitra tutur, mula TTTDBM iki beda karo tindak tutur

liyane. Saliyane amarga ora ana sumber kang njalari, TTTDBM uga bisa ditujokake marang salah sawijine wong (ijen) lan uga bisa ditujokake marang wong akeh (bebarengan) saengga bisa nuwuhake maneka warna pananggap.

TTTDBM nduweni tujuwan kanggo nawakake samubarang supaya wong-wong nuku apa kang lagi ditawakake. Tujuwan kuwi ana ing sawalike wedharan TTTDBM kang sinebut daya ilokusi. Saliyane wis kasil nindakake tindak tutur ilokusi, panutur uga kasil nindakake tindak tutur perlokusi kanthi nyawang pananggape mitra tutur. Panutur ing kene nyoba ngaruh-aruhi mitra tutur supaya TTTDBM ditampa lan ditindakake. Yen mitra tutur menahi pananggap marang panutur, ateges panutur kasil nindakake tindak tutur perlokusi.

Teori tindak tutur kang sepisan diandharake dening Austin. Austin (1962:730) sajrone buku kanthi irah-irahan *How to Do Things with Word?*, merang tindak tutur dadi telu, yaiku lokusi, ilokusi, lan perlokusi. Austin (sajrone Ibrahim, 1993:129) ngandharake yen tindak tutur ditindakake adhedhasar kepentingane dhewe lan nuduhake kalungguhane panutur ing kelompok tartamtu. Kanthi dhasar kasebut, mula struktur sosial menahi daya pangaribawa tumrap tindak tutur. Searle (sajrone Nadar, 2009:4) ngandharake yen cara negesi pocapan kuwi gumantung kahanan sajrone konteks. Akeh banget panemu lan teori ngenani tindak tutur sarta pangrembakane. Salah sawijine teori tindak tutur komisif

yaiku kang diandharake dening Levinson kang nempukake panemune Asutin lan Searle. Levinson (sajrone Chaer, 2010:64) ngandharake yen tindak tutur lan kasantunan ditemtokake kanthi cara kontekstual, sosial, lan kultural kang jangkepe dadi skala (1) jarak sosial, (2) status sosial panutur lan mitra tutur, lan (3) tindak tutur utawa bobot imposisi.

Panliten ngenani tindak tutur komisif mligine TTTDBM kang ana ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban durung tau diteliti. TTTDBM kalebu tindak tutur kang beda karo tindak tutur liyane, amarga bisa nuwuhake pananggap saka mitra tutur kanthi ijen lan bebarengan. Kanthi dhasar kasebut TTTDBM bakal diteliti.

1.2 Punjere Panliten

Kang dadi punjere panliten iki yaiku:

- (1) Apa wae jinise lageyane panutur sajrone TTTDBM ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban?
- (2) Apa wae jinise pananggape mitra tutur sajrone TTTDBM ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban?

1.3 Ancase Panliten

Ancase panliten iki yaiku:

- (1) Ngandharake jinise lageyane panutur sajrone TTTDBM ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban.
- (2) Ngandharake jinise pananggape mitra tutur sajrone TTTDBM ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban.

1.4 Paedah Panliten

Paedah sajrone panliten iki diperang dadi loro yaiku paedah teoretis lan paedah praktis.

1.4.1 Paedah Teoretis

Asil panliten iki bisa kanggo panyengkuyung ngrembakake ilmu pragmatik Jawa kang wis ana sadurunge. Saliyane iku, asil panliten iki uga bisa menahi sumbangsih tumrap pangrembakane kajian tindak tutur basa Jawa lan linguistik. Asil panliten iki uga weneh sumbangsih tumrap pangrembakane pragmatik basa Jawa ngenani jinis ukara TTTDBM.

1.4.2 Paedah Praktis

Paedah praktis asil panliten iki bisa kanggo ngrembakake materi ajar basa Jawa, mligine jinis tawa dagangan dening bakul mider, saengga mangerteni maneka warna jinis lageyane panutur sajrone TTTDBM. Kanthi nemokake lageyane panutur lan pananggape mitra tutur diajab bisa ngerti kahanan sosial warga Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban anggane nindakake TTTDBM.

1.5 Watesane Panliten

Sajrone panliten iki, ana wates-watesing prekara kang diteliti. Anane wewatesan iku supaya bab kang diteliti ora mbleber tekan ngendi-endi sarta bisa dititiki kanthi cetha. Wewatesane panliten iku mau kang sepisan yaiku ngenani basa kang dienggo sajrone TTTDBM ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban. Kaping pindhone nлити ngenani punjere prekara kanthi dhasar konteks yaiku struktur sosial, relasi sosial, norma sosial, lan kahanan sosial.

1.6 Panjlentrehe Tetembungan

Tembung-tembung kang digunakake ing panliten iki yaiku:

1) Tindak Tutur Tawa Dagangan

Tindak tutur tawa dagangan yaiku salah sawijine jinis tindak tutur komisif kang ditindakake dening panutur kanggo nawakake samubarang kanthi tujuwan supaya mitra tutur nukoni apa kang lagi ditawakake.

2) Bakul Mider

Bakul Mider yaiku salah sawijine pawongan kang tawa dagangan kanthi cara mubeng ing salah sawijine papan marang papan liyane kanggo nekani *konsumen*.

3) Lageyane Panutur

Lageyan iku ateges solah tingkah kang wis dadi kamanuhan. Mula saka kuwi tegese lageyane panutur yaiku solah lan tingkahe panutur kang bisa diweruhi anggane nindakake TTTDBM.

4) Pananggape Mitra tutur

Pananggape mitratutur yaiku panampane mitratutur kang bisa arupa solah bawa lan *ekspresi* tumrap lageyane panutur anggane nindakake TTTDBM. Pananggape mitra tutur bisa nampa lan nampik.

5) Konteks

Konteks bab-bab kang ana ing sanjabane tuturan kang menahi pangaribawa tumrap tuturan kasebut. Searle (sajrone Rahardi, 2003:20) ngandharake yen konteks dumadi saka telung bab yaiku struktue sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

2.1 Panliten Ngenani Tindak Tutur lan Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

Panliten ngenani tindak tutur wis akeh diteliti dening panliti sadurunge. Panliten ngenani tindak tutur kang wis ana yaiku, panlitene Ernawati (2008) ngenani tindak tutur direktif kanthi irah-irahan "*Kalimat Ingkar dalam Tindak Tutur Orang Jawa*". Asile panliten iki kang sepisan yaiku ngandharake *tipe kalimat ingkar* kang digunakake dening wong Jawa, kayata lokusi, ilokusi, lan perlokasi. Banjur kapindhone ngandharake ngenani *prinsip kerjasama Grice* sajrone tindak tutu ring ukara *ingkar*. Tindak tutur iki ora mung nлити tulisan, awit teori pragmatik luwih nлити gegayutane karo sesambungan ing masyarakat.

Panliten ngenani tindak tutur uga nate ditindakake dening Setyawan (2012) kanthi irah-irahan "*Tindak Tutur Ngongkon*". Dhata kang diasilake ing panliten iki, kang sepisan yaiku ngenani pamerange tindak tutur ngongkon adhedhasar struktur sosiale panutur. Kang kapindho yaiku ngenani ragam basa kang dienggo sajrone tindak tutur ngongkon. Banjur kang katelu ngenani frekwensi tindak tutur ngongkon.

Panliten sabanjure ngenani tindak tutur ditindakake dening Utomo (2013) kanthi irah-irahan "*Tindak Tutur Nampik Basa Jawa ing Desa Ringinpitu Kecamatan Kedungwaru Kabupaten Tulungagung*". Panliten iki ngandharake jinise tindak tutur nampik basa Jawa adhedhasar lageyane panutur lan jinise tindak tutur nampik basa Jawa adhedhasar pananggape mitra tutur.

Saliyane iku, panliten kasebut uga ngandharake konteks sajrone tuturan.

Panliten tindak tutur kang ditindakake dening Sholihah (2013) kanthi irah-irahan “*Tindak Tutur Ngabari ing Desa Jurug Kecamatan Sooko Kabupaten Ponorogo*”. Panliten iki uga ngasilake jinise tindak tutur ngabari adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur.

Panliten liyane ngenani tindak tutur uga ditindakake dening Wijoyanto (2014) kanthi irah-irahan “*Tindak Tutur Atur Panuwun Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek*”. Panliten iki ngandharake jinis tindak tutur atur panuwun adhedhasar lageyane panutur karana rong sumber yaiku pocapan lan salah bawa, lan ngandharake jinis pananggape mitra tutur katampa, ora katampa nanging ora katampik, lan katampik.

Adhedhasar panliten ngenani tindak tutur kang wis ana, TTTDBM ing bebrayan Jawa durung ana kang nлити. Kang wis tau diteliti yaiku mung tuturane pedagang ing pasar. Bisa didudut yen TTTDBM ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban iki durung ana kang nлити lan perlu diteliti. Panliten iki munjerake jinis lageyane panutur lan pananggape mitra tutur sajrone TTTDBM. Rong punjer kasebut banjur bakal digayutake karo konteks tuturan. Bab kang ndadekake panliten iki beda karo panliten tindak tutur liyane yaiku amarga TTTDBM bisa ditujokake marang mitra tutur kang cacahé ijen lan bebrengan, saengga pananggape mitra tutur uga bisa kanthi ijen lan bebarengan. Ing panliten-panliten tindak tutur sadurunge mung ana pananggap ijen.

2.2 Konsep-Konsep ing Panliten Iki

Ing subbab iki bakal diandharake ngenani konsep-konsep kang digunakake ing panliten iki. Konsep-konsep kang digunakake ana sesambungane karo tindak tutur.

2.2.1 Tegese Tindak Tutur

Searle (sajrone Shiffrin, 2007:116) ngandharake yen tindak tutur minangka unit dhasar komunikatif kang sesambungan karo prinsip ekspresibilitas, ana sesambungan analitik antarane nosi tindak tutur, apa karepe panutur, apa makna ukara kang dikocapake, apa tujuwane tuturan, kepriye pananggape mitra tutur, lan apa kang ndayani kaidah elemen linguistik. Tindak tutur kang ngemu maksud tartamtu ora bisa dipisahake saka konsep kahanan tuturan. Kridhalaksana (2001:221) ngandharake menawa titikane tindak tutur yaiku adhedhasar prastawa tutur.

Sarat kang utama sajrone tindak tutur yaiku kudu ana panutur lan uga mitra tutur. sajrone tindak tutur ana sambung rakete karo aspek kahanan tutur yaiku panutur lan mitra tutur, konteks tuturan, tujuwan tuturan, lan tindak tutur minangka sawijine tumindak. Nalika nindakake tumindak basa, kang dadi panutur lan mitra tutur kudu mangerteni ana struktur sosial kang ngronce tumindake, panganggone cecaturan lan interpretasi cecaturan saka mitra tutur (Wijana, 1996:46). Kajian tindak tutur nyoba nggandhengake antarane basal an tumindake panutur.

2.2.2 Teges lan Titikane Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

Poerwadarminta (1937:595) ngandharake tawa utawa nawakake ateges kandha arep menahi apa marang pawongan; kandha nuduhake apa supaya dituku; ngandharake regane barang supaya dienyang. Sajrone Kamus Jawa Kuna Indonesia (2011:1224) nawakake ateges nyajikake samubarang. Dene tembung mider asale saka tembung lingga ider kang ateges nawakake dodolan menyang endi-endi; ditekani ing wong kang ider dodolane (Poerwadarminta, 1937:167).

Adhedhasar panemu kasebut bisa diweruhi tegese TTTDBM yaiku salah sawijine jinis tindak tutur komisif kang ditindakake dening pawongan utawa kang aran bakul kanggo nawakake samubarang marang pawongan liyane kanthi cara mider ing papan tartamtu marani *konsumen*, kanthi tujuwan supaya pawongan kang ditawani (mitra tutur) nuku apa kang lagi ditawakake minangka tanggepane.

Titikane TTTDBM umume ana ing pocapane panutur kang nyebutake jinis dagangan kang lagi ditawakake. TTTDBM kang ditujokake marang wong akeh (bebarengan), titikane ana ing tuturane panutur kang nyebutake jinis dagangane. Dene TTTDBM marang salah sawijine pawongan (ijen), titikane ana ing tuturane panutur kang nyebutake jinis dagangan kasartan jeneng utawa tembung sapan wong kang ditawani. Sajrone nindakake TTTDBM, panutur ora mesthi nggunakake tembung “tuku” utawa “tumbas”, malah panutur luwih kerep nyebutake jinis dagangan kang lagi ditawakake kanthi swara-swara kang bisa narik kawigaten. Tetembungan kang digunakake dening panutur sajrone TTTDBM bisa maneka warna lan gonta-ganti gumantung konteks sarta kekeparepane panutur.

2.2.3 Sumbere Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

TTTDBM nduweni bab kang kagolong khas kang ora padha karo tindak tutur liyane. Bab kang khas sajrone TTTDBM yaiku dumadi tanpa anane sumber saka mitra tutur. TTTDBM tuwuh saka kekeparepane panutur iku dhewe kanthi niru lan ngrembakakake cara tawa kang wis ana sadurunge.

2.2.4 Wujude Ukara ing Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

TTTDBM diwujudake kanthi ukara lumantar andharan lesan dening panutur. Ing ngisor bakal dijlentrehake ngenani jinise ukara kang digunakake sajrone TTTDBM.

2.2.4.1 Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider Awujud Ukara Carita

TTTDBM bisa kalebu ukara carita kang nyritakake jinise dagangan kang ditawakake utawa menahi wawasan ngenani jinis dagangane marang mitra tutur. bab iki laras karo panemune Antunsuhono (1956:127) ngandharake yen ukara carita iku ukara wedhare gagasane manungsa, tumuju marang wong kang diajak guneman, supaya mangerti apa bae kang diwedharake, magepokan awake dhewe utawa wong liya, nyritakake kedadeyan kang mentas rinungu, dideleng, rinasa, menahi wawasan pitutur, nerokake gunem, lan

sapiturute. Sajrone TTTDBM ukara carita bisa awujud awujud tembung, frasa, lan klausa. Ateges sajrone TTTDBM ana tembung, frasa, utawa klausa kang nduweni makna kanggo nyritakake utawa menahi weruh ngenani apa kang ditawakake. Bab iki jumbuh karo panemune Subagyo (2009:202) yen katiti saka wewujudane, ukara bisa werna-werna. Nanging, menawa katiti saka kanggone guneman, padha bae yaiku kanggo nyritakake kahanan utawa kedadeyan. Dadi, ukara carita kang awujud tembung, frasa, utawa klausa kasebut gumantung tujuwan panganggone.

2.2.4.2 Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider Awujud Ukara Pitakon

Ukara pitakon yaiku wedhare gagasane manungsa kepengin mangerti apa kang durung diweruhi. Titikane ukara takon yaiku kanthi anane tembung apa, sapa, kepriye, yagene, apa sebabe, lan kena apa (Antunshono, 1956:129). Ukara pitakon sajrone TTTDBM lumrahe digunakake kanggo nawakake dagangan kang ditujokake marang mitra tutur kang cacahé ijen, nanging uga ora nutup kanyatan yen ukara pitakon uga digunakake kanggo nawakake dagangan marang mitra tutur bebarengan. Ukara pitakon sajrone TTTDBM ora mesthi dititiki kanthi anane tembung-tembung pitakon kaya kang disebutake ing ndhuwur, nanging ukara pitakon sajrone TTTDBM iki tetep arupa ukara pitakon kaya kang diandharake dening Sasangka (2001:183) yen ukara pitakon yaiku ukara kang isine awujud pitakon. Ukara pitakon sajrone TTTDBM bisa dititiki saka intonasine panutur nalika medharake TTTDBM.

2.2.4.3 Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider Awujud Ukara Pakon

Antunshono (1956:130) ngandharake ukara pakon yaiku wedhare gagasan tumuju wong kang kaping pindho supaya nglakoni utawa nindakake pagaweyan. Hadiwidjana (1967:49) uga ngandharake yen ukara pakon utawa hagnya utawa imperatip kejaba ketara saka lagu, bisa diwujud sarana panambang –a lan –en, dumunung ing angger wasesa: bawa utawa kriya. Wujude ukara pakon sajrone TTTDBM ana loro yaiku pakon pangajak lan pakon paminta. Bab iki jumbuh karo panemune (Sasangka, 2011:199) kang ngandharake yen wujude ukara pakon ana lima, yaiku yaiku pakon (1) lumrah, (2) pamenging, (3) pangajak, (4) panantang, lan (5) paminta. Pakon pangajak sajrone TTTDBM isine panutur ngajak utawa ngarep-arep mitra tutur supaya gelem nuku dagangane. Dene pakon paminta sajrone TTTDBM isine yaiku njaluk supaya mitra tutur nuku dagangane.

2.2.5 Jinise Lageyane Panutur sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

Jinise lageyane panutur (sabanjure LP) sajrone TTTDBM bisa diperang dadi loro yaiku tatacara medharake lan tatacara kang digunakake. Tatacara kang diwedharake panutur ana loro yaiku kanthi blaka lan ora blaka. Dene tatacara kang digunakake panutur ana loro yaiku langsung lan ora langsung.

2.2.5.1 Lageyane Panutur Blaka sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

Miturut Djajasudarma (1994:65) tatacara blaka nuduhake gunane sajrone kahanan (tumindak) langsung lan literal (jumbuh karo kanyatan). Kanthi paugeran formalitas sintaksis titikane LP blaka sajrone TTTDBM bisa diweruhi kanthi anane tembung “tuku” utawa tembung liya kang kanthi cetha kanggo nawakake dagangane. Panutur milih cara blaka iki awit ana enem alasan, yaiku (1) panutur oleh panyengkuyung kanggo dheweke saka wong liya, (2) panutur oleh kapercayan ngenani sipat jujure kanthi nuduhake yen dheweke percaya marang mitra tutur, (3) panutur oleh kapercayan amarga blaka, (4) ngedohi prasangka ala, saupama dheweke dianggep manipulator, (5) panutur ngedohi salah tanpa, lan (6) panutur bisa ndandani maneh apa kang wis dirusak dening tumindak kang ora ngajeni (Brown lan Levinson sajrone Nadar, 2009:38).

2.2.5.2 Lageyane Panutur ora Blaka sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

Tatacara ora blaka mujudake maksud kang diwedharake kanthi ora nggunakake tembung panandha nawakake dagangan. Yule (2006:96) ngandharake yen ana sesambungan ora langsung antarane struktur karo guna sinebut ora blaka. Maksud kuwi sengaja didhelikake ing sawalike rerakite tetembungan utawa ukara kanthi nggatekake konteks tartamtu. Miturut Brown lan Levinson (sajrone Nadar, 2009:38), panutur nggunakake tatacara ora blaka iki amarga patang alasan, yaiku (1) panutur dipercaya minangka pawongan kang wicaksana lan ora meksa karepe mitra tutur, (2) panutur ngadohi yen saupama dheweke bakal dadi rerasan wong liya, (3) panutur ngadohi tanggungjawab minangka pawongan kang dianggep ora ngajeni mitra tutur, lan (4) panutur kanthi ora langsung menahi kalonggaran marang mitra tutur kanggo nggatekake kekarepane.

2.2.5.3 Lageyane Panutur Langsung sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

LP langsung sajrone TTTDBM mujudake wujud deklaratif kang digunakake kanggo nggawe sawijine wedharan. Cara kang digunakake panutur ing kene medharake kanthi sapajagong karo mitra tutur. LP langsung sajrone TTTDBM iki ditindakake dening panutur langsung marang mitra tutur, tanpa lantaran wong katelu.

2.2.5.4 Lageyane Panutur ora Langsung sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

LP ora langsung sajrone TTTDBM mujudake wujud deklaratif kang digunakake kanggo nggawe sawijine pangajak lan panjaluk. LP ora langsung sajrone TTTDBM iki nduweni titikan yaiku kanthi anane wong katelu sajrone tuturan. Ateges panutur njaluk tulung marang wong katelu kanggo medharake apa kang dikarepake. Bab iki ora amarga panutur ora bisa medharake kanthi langsung, nanging amarga panutur pancen sengaja milih wujud ora langsung.

2.2.6 Jinise Pananggape Mitra Tutur sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

Pawongan kang nindakake TTTDBM (panutur) mesthi nduweni tujuwan supaya TTTDBM kuwi

ditanggepi dening pawongan kang ditawani (mitra tutur). Pananggape mitra tutur (sabanjure PMT) bisa diperang dadi loro yaiku tatacara medharake lan tatacara kang digunakake. Tatacara kang diwedharake ana loro yaiku PMT nampa TTTDBM lan PMT nampik TTTDBM. Dene tatacara kang digunakake yaiku PMT personal sajrone TTTDBM lan PMT komunal sajrone TTTDBM. PMT saliyané kanthi cara *verbal* uga bisa nggunakake *kinesik*. *Kinesik* ateges nampa kanthi obahe awak utawa uga bisa saka praupan tanpa nggunakake tuturan. Sumarsono (2013:101), ngandharake yen panutur sarujuk lan mbenerake panemune mitra tutur lumrahe sirahe panutur manthuk. Dene panutur kang nampik bakal nggedhegake sirahe. Ing ngisor iki bakal diandharake pamerange PMT sajrone TTTDBM.

2.2.6.1 Pananggape Mitra Tutur Nampa Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

Miturut Ibrahim (1993:40-41) mitra tutur nampa TTTDBM saka panutur awit mitra tutur bisa ngrasakake yen panutur bener-bener tulus nindakake TTTDBM. Saliyané kuwi mitra tutur nampa lageyané panutur awit uga pengin nuku apa kang ditawakake amarga butuh. PMT nampa TTTDBM bisa dititiki kanthi anane tembung “tuku” utawa “tumbas” lan ukara kang asipat nyarujuki kayata tembung “iya” kang bakal dibarengi kanthi anane tumindak nuku dagangan kang ditawakake dening panutur.

2.2.6.2 Pananggape Mitra Tutur Nampik Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

Miturut Ibrahim (1993:41) PMT nampik TTTDBM awit mitra tutur ora ngregani panutur. Saliyané iku cara kang digunakake dening panutur uga ora kasil kanggo ngregani sarta ora kasil narik kawigatene mitra tutur. Mitra tutur nampik lageyané panutur amarga nduweni alasan dhewe-dhewe, bisa amarga mitra tutur ora mbutuhake apa kang ditawakake dening panutur. PMT nampik TTTDBM bisa dititiki kanthi anane tembung “ora” utawa ukara kang asipat kontradhiktif karo lageyané panutur. Saliyané kanthi nampik kanthi ukara, mitra tutur uga bisa nampik TTTDBM kanthi nggedhegake sirah.

2.2.6.3 Pananggape Mitra Tutur Ijen sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

Tembung ijen asalé saka tembung *iji* kang oleh panambang (-an). Tegesé *iji* miturut Poerwadarminta (1937:168) yaiku cacahé mung siji. Tembung ijen (*sendiri/personal*) sajrone Kamus Besar Bahasa Indonesia (1990:675) ateges nduweni sipat *perseorangan* utawa pribadi. PMT ijen sajrone TTTDBM awit cacahé mitra tutur kang menèhi pananggap mung siji. Panutur bisa oleh pananggap ijen amarga tuturane nalika nawakake dagangan pancen mung ditujokake marang salah sawijine wong. Nanging panutur kang nindakake TTTDBM kang ditujokake marang wong akeh uga bisa oleh pananggap ijen. Pananggap ijen bisa katampa lan uga bisa katampik.

2.2.6.4 Pananggape Mitra Tutur Bebarengan sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

Bebarengan asalé saka tembung bareng kang oleh panambang (-an). Tegesé tembung bareng miturut Poerwadarminta (1937:31) yaiku tunggal wektu anggane tumindak. Bebarengan (*bersamaan*) sajrone Kamus Besar Bahasa Indonesia (1990:454) uga ateges nunggal wektu. PMT bebarengan sajrone TTTDBM awit cacahé mitra tutur kang menèhi pananggap luwih saka siji ing wektu kang padha. Panutur bisa oleh pananggap bebarengan amarga tuturane nalika nawakake dagangan pancen ditujokake marang wong akeh. Nanging panutur kang nawakake dagangan marang salah sawijine wong uga bisa nuwuhake pananggap saka wong-wong liyané kang nalika iku weruh lan krungu. Pananggap bebarengan bisa katampa lan uga bisa katampik.

2.2.7 Tawa minangka Tindak Tutur Ilokusi Komisif

Austin (1962:730) merang tindak tutur dadi telu yaiku (1) lokusi, (2) ilokusi, lan (3) perlokusi. Panliten iki kalebu tindak tutur ilokusi awit tindak tutur tawa dagangan dening bakul mider bisa nuwuhake aksi-reaksi. Banjur Searle (sajrone Rahardi, 2003:70) nggolongake tindak tutur ilokusi dadi limang wujud tuturan. Kalima tindak tutur ilokusi kang nuduhake fungsi *komunikatif*, yaiku (1) asertif, (2) direktif, (3) ekspresif, (4) komisif, lan (5) deklaratif.

Miturut Searle (sajrone Tarigan, 1994:47) tindak tutur ilokusi komisif yaiku salah sawijine pamerang saka tindak tutur ilokusi kang ngatutake panutur marang tumindak-tumindak sabanjure. Tindak tutur ilokusi komisif luwih asipat *konvival* tinimbang *kompetitif*, ateges ditindakake kanggo nuruti kekeparepané mitra tutur tinimbang kekeparepané panutur (laras karo tujuwan sosial). Kang kalebu tindak tutur ilokusi komisif yaiku tawa samubarang, janji, sumpah, lan *memanjatkan* (ndonga).

Leech (1993:328) ngandharake yen tindak tutur ilokusi komisif meh padha karo tindak tutur ilokusi direktif ing bab komplemen kang non-indikatif kang munjerake marang aspek wektu banjur dadi aspek wektu verba kang utama. Mula dheweke mbenerake yen verba-verba sajrone tindak tutur ilokusi direktif lan komisif bisa digabung dadi siji “superkelas”. Leech ngandharake kang kalebu tindak tutur ilokusi komisif yaiku tawa samubarang, tawa pambiyantu, janji, lan sumpah.

Yule (2006:94) ngandharake tegesé tindak tutur ilokusi komisif yaiku salah sawijine jinis tindak tutur kang dimangerteni dening panutur kanggo nggayutake dheweke marang bab-bab kang bakal ditindakake ing wektu sabanjure. Tindak tutur iki ngandharake bab apa wae kang dikarepake dening panutur. Nalika nggunakake tindak tutur komisif, panutur nylarasake donya karo tetembungan. Kang kalebu tindak tutur ilokusi komisif yaiku tawa, janji, panampik, inciman, lan sumpah.

Dene miturut Finegan (sajrone Nadar, 2009:16), tindak tutur ilokusi komisif minangka salah sawijine perangan saka tindak tutur ilokusi kang *sentral* (utama) sajrone kajian tindak tutur. Kang kalebu tindak tutur ilokusi komisif yaiku tawa, ngusahakake, janji, lan ngincim.

Adhedhasar panemu saka para ahli kang wis diandharake, tegese tindak tutur ilokusi komisif yaiku tindak tutur kang nggayutake panutur lan mitra tutur marang bab kang bakal ditindakake ing wektu sabanjure amarga tuturane panutur. Ing andharan kasebut, tawa kalebu tindak tutur ilokusi komisif. Tawa yaiku pocapan lan tumindak kang digunakake kanggo ngandharake utawa nyajikake samubarang kanthi tujuwan supaya pawongan kang ditawani (mitra tutur) nindakake apa kang lagi ditawakake. Amarga TTTDBM minangka perangan saka tindak tutur tawa, mula TTTDBM kalebu tindak tutur ilokusi komisif.

2.2.8 Konteks ing Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

Levinson (sajrone Rahardi, 2003:13) ngandharake pragmatik minangka studi ngenani ilmu basa kang nyinaoni relasi-relasi antarane basa karo konteks tuturan. Tarigan (1985:6) ngandharake yen pragmatik iku minangka ilmu basa kang nyinaoni tumindak linguistik karo kontekse. Cummings (1999:5) nandhesake yen pragmatik ora bisa ditegesi kanthi jangkep yen kontekse ora disebutake. Tindak tutur nawakake dagangan kalebu perangan kang disinaoni ing pragmatik kang uga ora bisa uwal saka konteks. Konteks yaiku sawijine donya kang diisi dening wong-wong kang ngasilake pocapan (Schiffirin, 2007:547). Miturut Parera (1990:120), konteks minangka sawijine kahanan kang dumadi saka anane setting, kagiyatan, lan relasi. Yen dumadi interaksi antarane telung perangan kasebut bakal mujudake konteks. Setting yaiku kahanan, wektu, lan papan panggonan nalika TTTDBM ditindakake. Kahanan bisa kaperang dadi kahanan resmi lan ora resmi. Kagiyatan yaiku sekabehe tingkah laku kang dumadi sajrone interaksi sosial TTTDBM. Kagiyatan kasebut ngenani tindak *verbal* lan tindak *nonverbal*. Dene relasi yaiku sesambungan antarane panutur lan mitra tutur kang nindakake TTTDBM. Sesambungan kasebut ditamtokake dening (1) jinis kelamin, (2) umur, (3) kalungguhan, (4) sesambungan langganan lan ora langganan.

Miturut Searle (sajrone Rahardi, 2003:20) konteks diperang dadi papat yaiku struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Struktur sosial iku ngenani kalungguhane panutur lan mitra tutur ing bebrayan. Kalungguhan panutur lan mitra tutur sajrone tindak tutur nawakake dagangan bisa disawang saka status ekonomi sosial, jinis kelamin, lan umur. Dene relasi sosial yaiku ngenani sesambungan sosial antarane panutur lan mitra tutur. Kang kalebu ing relasi sosial sajrone tindak tutur nawakake dagangan yaiku sesambungan langganan lan ora langganan. Kahanan sosial bisa diperang dadi loro yaiku resmi lan ora resmi. Norma sosial kang minangka aturan utawa paugeran ing papan masyarakat kasebut. Konteks menehi daya pangaribawa tumrap panutur anggone nguwasani tembung, anggone milih lan nggunakake tembung kanthi pener, lan anggone namtokake cara kanggo medharake kang dianggep cocog.

2.3 Teori ing Panliten Iki

Teori tindak tutur kang sepisan diandharake dening Austin (sajrone Nadar, 2009:11) kang ngandharake yen sejatine pawongan kang ngocapake

tuturan tartamtu uga nindakake bab tartamtu (laras karo tuturane). Tuturan-tuturan kasebut diarani tuturan *performatif*, lan tembung kriyane uga diarani tembung kriya *performatif*. Austin (1962:730) merang tindak tutur dadi telu yaiku (1) lokusi, (2) ilokusi, lan (3) perlokusi.

Teori tindak tutur kang diandharake dening Austin banjur dikembangake dening Searle (sajrone Leech, 1993:281) ngandharake yen verba lan tindak ujar nduweni bab kang sajajar. Pambada-pambada kang ana ing antarane verba ilokusi minangka pedhoman kang becik nanging ora bisa dadi pedhoman kang pesthi kanggo nggolongake tindak tutur ilokusi. Searle (sajrone Rahardi, 2003:72) kang nggolongake tindak tutur ilokusi marang limang wujud tuturan kang nduweni fungsi komunikatif, yaiku (1) asertif, (2) direktif, (3) ekspresif, (4) komisif, lan (5) deklaratif.

Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku teori tindak tutur ilokusi komisif kang diandharake dening Levinson, kang minangka pengembangan saka teorine Searle. Levinson nambahi anane norma sosial sajrone tindak tutur. Levinson (sajrone Chaer, 2010:64) ngandharake yen tindak tutur lan kasantunan ditemtokake kanthi cara kontekstual, sosial, lan kultural kang jangkepe dadi skala (1) jarak sosial, (2) status sosial panutur lan mitra tutur, lan (3) tindak tutur utawa bobot imposisi. Jarak sosial yaiku adoh cedhake sesambungan antarane panutur lan mitra tutur. Kang kalebu jarak sosial yaiku bedane umur, jinis kelamin, lan sosiokultural. Status sosial antarane panutur lan mitra tutur didhasari karo kalungguhan asimetric. Status sosial luwih nengenake sapa kang luwih kuwasa antarane panutur lan mitra tutur. Dene skala tindak tutur utawa bobot imposisi didhasari karo kalungguhan relatif tindak tutur siji karo sijine. Ateges ana tindak tutur sajrone kabudayan tartamtu kang dianggep sopan nanging ing kabudayan sijine dianggep ora sopan.

TATACARANE PANLITEN

3.1 Titikane Panliten

Titikane panliten kang bakal diandharake ing subbab iki kaperang dadi loro yaiku (1) jinise panliten lan (2) sipate panliten.

3.1.1 Jinise Panliten

Jinise panliten iki yaiku etnografis. Hymes (sajrone Ibrahim, 1994:v) ngandharake yen etnografi komunikasi yaiku salah sawijine metodhe kanggo nganalisis panganggone basa sajrone tumindak kang *komunikatif* ing salah sawijine masyarakat kang nduweni maneka warna kabudayan. Miturut Titscher (2009:156) etnografi komunikasi kang disinaoni yaiku tindak tutur sajrone tuturan lan munjerake konteks. Etnografi komunikasi kang disinaoni yaiku cara-cara tumindak komunikasi kang bisa diamati lan direkam (Ibrahim, 1993:205). Fitch lan Philipsen (sajrone Titscher, 2009:150) nambahi yen etnografi komunikasi kang dirembug yaiku pola-pola tuturan adhedhasar tatarane lan bisa nggambarake pola panguripan sosial ing masyarakat tartamtu. Panliten iki bakal njlentrehake TTTDBM kang disambungake karo konteks, kahanan sosial, lan kabudayan ing salah sawijine masyarakat.

3.1.2 Sipate Panliten

Jinis panliten etnografi nduweni sipat-sipat kang mligi. Miturut Titscher (2009:152) jinis panliten etnografi nengenake nalika panliti nglumpukake dhata. Jlentrehan dhata mung kanggo guna tambahan njlentrehake lapuran observasi. Panglumpuke dhata lan jlentrehan dhata nduweni sesambungan dhialektif. Miturut Hammersley lan Atkinson (sajrone Titscher, 2009:152) Panliten etnografis munjerake konteks kanggo njlentrehake dhata. Panliten iki uga asipat deskriptif yaiku ngandharake basa kanthi wujud ukara.

3.2 Ubarampene Panliten

Ubarampene panliten kang bakal diandharake ing subbab iki yaiku (1) dhata lan sumber dhata, (2) instrumen, lan (3) lokasi.

3.2.1 Dhata lan Sumber Dhata

Dhata sajrone panliten iki awujud ukara kang wis kasil kacathet sawise nyemak lan ngrekam TTTDBM ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban. Ukara-ukara kang kacathet uga sinartan konteks ing sacedhake.

Sumber dhata ing panliten iki asale saka rekaman alamiyah TTTDBM lan cathetan-cathetan TTTDBM kang ana ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban. Jinise bakul kang diteliti ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban ana 29 bakul, ing antarane yaiku bakul buah, bakul krupuk, bakul iwak, bakul jamu, bakul sega jagung lan lawuh, bakul srabeh, bakul brambang, bakul kacang lanjaran, bakul kasur, bakul lawang, bakul tahu lan tempe, bakul iwak pitik, bakul tela, bakul es, bakul klasa, bakul sandhal, bakul blanja, bakul roti, bakul piranti resik-resik, bakul piranti tani, bakul iwak hiyas, bakul pitik warna, bakul klambi, bakul bantal lan guling, bakul piranti masak, bakul sarapan, lan bakul gethuk.

3.2.2 Instrumen Panliten

Instrumen panliten kang digunakake ing panliten iki diperang dadi loro yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Kapisan yaiku instrumen utama, kang minangka instrumen utama ing panliten iki yaiku panliti kuwi dhewe. Panliti ing panliten iki nduweni kalungguhan kang wigati banget, jalaran ing kene panliti kang nggolek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten iki. Dhata kang diklumpukake gumantung saka panliti dhewe. Panliti bisa meruhi kahanan sarta nduweni kuwasa kanggo namtokake samubarang. Dene instrumen panyengkuyung yaiku pawongan kang ngandharake TTTDBM ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban. Piranti-piranti kang digunakake panliti kanggo nglumpukake dhata-dhata nalika ing lapangan awujud cathetan lan piranti kanggo ngrekam.

3.2.3 Lokasi Panliten

Lokasi panliten kang dipilih yaiku Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban. Tuban minangka salah sawijine kabupaten kang ana ing Jawa Timur mligine ing sisih lor. Ing Kabupaten Tuban ana 20 kecamatan. Dumununge Kecamatan Plumpang rada adoh saka Tuban Kutha. Cacahe desa kang ana ing Kecamatan Plumpang ana 18 desa. Kaya kang wis

disebutake ing dhata kasebut, Desa Sembungrejo minangka salah sawijine desa kang ana ing sisih kidul Kecamatan Plumpang.

Cacahe warga ing Desa Sembungrejo ana 2398. Cacahe warga kanthi jinis kelamin lanang 1196 lan wadon ana 1202. Ing Desa Sembungrejo ana 2 dusun yaiku Dusun Sepat Galeh lan Dusun Banguran. Ing desa iki ana 3 RW. Ing RW 01 ana 6 RT, ing RW 02 ana 6 RT, lan ing RW 03 ana 5 RT.



Gb.1 Lokasi Panliten

Pinilihé masyarakat Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban dadi bab kang diteliti ngenani TTTDBM awit panliti minangka warga asli papan kasebut. Kanthi dhasar kang wis disebutake, panliti luwih ngerti konteks sosial ing masyarakat Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban. Masyarakat ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban dumadi saka maneka warna golongan lan pakaryan. Salah sawijine yaiku bakul mider. Cacahe bakul mider kang ana ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban ana 31 bakul. 19 bakul kanthi jinis kelamin lanang lan 12 bakul kanthi jinis kelamin wadon. Bakul-bakul kang mider asale ora tamtu saka Desa Sembungrejo iku dhewe. Nanging ana kang asale saka desa liya lan uga ana kang asale saka sanjabane Kecamatan Plumpang. Bakul mider kang ana ing Desa Sembungrejo nduweni cara ngandharake TTTDBM kang maneka warna gumantung *style-e* dhewe-dhewe.

3.3 Tatacarane Panliten

Ing subbab tatacarane panliten iki isine ana telu, yaiku (1) tatacara nglumpukake dhata, (2) tatacara njlentrehake dhata, lan (3) tatacara nyuguhake asil panliten.

3.3.1 Tatacara Nglumpukake Dhata

Tatacara kang digunakake kanggo nglumpukake dhata yaiku metodhe semak lan metodhe cakap (Sudaryanto, 1986:62). Metodhe semak yaiku nyemak sekabehe basa kang digunakake dening panutur. Metodhe semak sajrone panliten iki ditindakake kanthi teknik sadhap, *semak libat cakap*, *semak bebas libat cakap*, teknik rekam lan teknik *catat*. Teknik-teknik sajrone metodhe semak iki digunakake panliti kanggo nggolek dhata TTTDBM ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban.

Dhata kang dibutuhake ing panliten iki awujud basa lesan. Sawise kasil nglumpukake dhata banjur dhata dipilah-pilah miturut konteks. Pamilahe dhata ing kene yaiku adhedhasar stuktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Adhedhasar struktur sosial dhata diklumpukake adhedhasar umur, jinis kelamin, lan status ekonomi sosial. Saka perangan umur kaperang dadi telu yaiku umur bocah (1-13 taun), umur enom (14-30 taun), lan

umur tuwa (31 taun mungga). Saka perangan jinis kelamin kaperang dadi loro yaiku lanang lan wadon. Dene saka perangan status ekonomi sosial kaperang dadi telu yaiku cendhek, sedhengan, lan dhuwur. Status ekonomi sosial cendhek iku golonganane buruh tani, kuli, pawongan kang ora nduwe pakaryan, omahe cilik, ora nduwe kendaraan, ora nduwe ingon-ingon. Status ekonomi sosial sedhengan iku golonganane tani, wong kang nduwe warung, omahe sedhengan, nduwe ingon-ingon, nduwe kendaraan. Dene status ekonomi sosial dhuwur iku golonganane PNS, wirausaha sukses, omahe gedhe lan apik, nduwe kendharaan luwih saka siji, nduwe ingon-ingon akeh. Relasi sosial kagolongake adhedhasar sesambungan panutur lan mitra tutur kang langganan lan ora langganan. Dene kahanan sosial dipirang dadi kahanan resmi lan ora resmi. Dhata-dhata kang wis kapilah kasebut banjur diklumpukake adhedhasar jinis lageyane panutur lan pananggape mitra tutur sajrone TTTDBM.

Dhata kang wis diklumpukake adhedhasar jinis lageyane panutur lan pananggape mitra tutur sajrone TTTDBM saka panganggo basa kang minangka subjek panliten banjur *verifikasi*. Tujuwane *verifikasi* dhata yaiku kanggo namtokake *valid* apa orane dhata kang wis diklumpukake. Panganggo basa ing panliten iki yaiku sekabehe bakul sarta mitra tutur kang ana ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban kang nindakake TTTDBM. *Validhasi* ditindakake dening panliti karo informan. Informan sajrone panliten iki yaiku salah sawijine warga Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban minangka mitra tutur lan uga minangka pawongan kang dianggep luwih ngerti ngenani TTTDBM. Minangka informan yaiku Ibu Pasri, S.Pd. umur 49 taun, jinis kelamin wadon. Ibu Pasri, S.Pd. minangka salah sawijine warga Dusun Sepat Galeh, RT.04/RW.01, Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban. Panjenengane uga minangka guru SDN Sembungrejo.

3.3.2 Tatacara Njlentrehake Dhata

Sawise dhata kang dikarepake wis nglumpuk lan *valid*, banjur dhata kasebut diolah kanthi metodhe dheskriptif lan kategoris. Metodhe kategoris yaiku njlentrehake dhata kanthi nemokake kategori lan tipe-tipe pocapan. Metodhe dheskriptif yaiku tatacara njlentrehake dhata kanthi nggunakake tembung, dudu angka kang bisa menehi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar dhata kang diasilake saka bab kang diteliti (Azwar, 1998:126).

3.3.3 Tatacara Nyguhake Asil Jlentrehan Dhata

Sajrone panliten iki, tatacara nyguhake asil saka njlentrehake dhata yaiku kanthi ngandharake asil jlentrehan dhata awujud laporan ngenani jinis-jinis lageyane panutur lan pananggape mitra tutur sajrone TTTDBM ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban kanthi lelandhesan konteks. Dhata kang wis digolongake banjur disuguhake kanthi jangkep antarane teks lan konteks. Teks arupa wedharan TTTDBM yaiku tumindak cecaturan antarane panutur lan mitra tutur. Dene konteks sosial kang dijlentrehake ngenani papan dagangan, struktur sosial, relasi sosial, lan

kahanan sosial. Miturut Malinowski (sajrone Ibrahim, 2009:153) konteks sajrone panliten etnografi dianggep wigati awit konteks kang diandharake ora mung konteks linguistik lan konteks situasional, nanging uga ekspresi solah bawane awak.

JLENTREHAN DHATA LAN ASIL PANLITEN

4.1 Jinise Lageyane Panutur sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

Ing subbab iki diandharake jinis LP sajrone TTTDBM. Sajrone TTTDBM, panutur ora kena daya pangaribawa mitra tutur. Jinise LP sajrone TTTDBM ana loro yaiku blaka langsung lan blaka ora langsung. Jinise LP sajrone TTTDBM kang ana loro kasebut banjur ditempukake karo cacahé mitra tutur kang dituju lan struktur sosiale panutur kang asile dadi nembelas jinis. Jinise LP sajrone TTTDBM kang wis ditempukake banjur dadi dhasar kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata, ing ngisor iki.

4.1.1 Lageyane Panutur Blaka Langsung

Jinise LP kang sepisan sajrone TTTDBM yaiku LP blaka langsung. LP blaka langsung sajrone TTTDBM ateges panutur medharake TTTDBM kanthi cara blaka tanpa abang-abang lambe lan nggunakake cara langsung tanpa anane wong katelu. LP blaka langsung sajrone TTTDBM bisa ditujokake marang wong akeh lan ijen. Banjur ditempukake karo struktur sosiale panutur.

4.1.1.1 Lageyane Panutur Blaka Langsung marang Wong Akeh dening Umur Tuwa, Jinis Kelamin Lanang, Status Ekonomi Sosial Sedhengan sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

(1) P : “Salak, semangka, anggur.”

MT : -

Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT: 0 :ora resmi)

LP sajrone TTTDBM kasebut ditujokake marang wong akeh tanpa ana wewatesan lan uga tanpa oleh pangaribawa saka mitra tutur. Tatacara kang digunakake yaiku blaka langsung. Tatacara blaka kasebut dituduhake kanthi nyebutake jinis-jinis dagangan kang digawa tanpa abang-abang lambe. Panutur tawa tanpa abang-abang lambe marang mitra tutur supaya gampang dimangretni. Tuturan kang digunakake kanggo nawakake dagangan arupa ukara carita. Panutur nggunakake cara blaka awit ngadahi salah tampa. LP sajrone TTTDBM kasebut kalebu cara langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya.

4.1.1.2 Lageyane Panutur Blaka Langsung marang Ijen dening Umur Tuwa, Jinis Kelamin Lanang, Status Ekonomi Sosial Sedhengan sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

(22) P : “Tahu, tempe, Krupuk. Yang hupe yang hupe? Mak Nah ndang kene! Ndang tuku!”

MT1 : “Krupuke siji, ndang tahune telu.”

MT2 : “Aku dhisikna Cung! anakku selak sekolah. Tempe telungewu.”

MT3 : “Kowe ra nggawa krupuk sing kaya

gek ingi?”

P : “Sampun telas wau teng Kilen.”

MT3 : “Ya wis iki wae nek ngono.”

Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT1+MT2: tuwa, wadon, ekonomi cendhek / MT3: tuwa, wadon, ekonomi sedhengan–relasi langganan: ora resmi)

LP sajrone TTTDBM kasebut ditujokake marang salah sawijine pawongan kanthi nyeluk jenenge. Kedadeyan kasebut dumadi nalika panutur nawani mitra tutur kang ana ing njero omah. Senajan tuturan kasebut ditujokake marang ijen, nanging uga oleh pananggap saka wong liya kang nalika iku krungu. Tatacara kang digunakake yaiku blaka langsung. Tatacara blaka kasebut dituduhake kanthi nyebutake jinis-jinis dagangan kang digawa tanpa abang-abang lambe lan kanthi cetha nyeluk mitra tutur supaya nuku dagangane. Panutur nggunakake cara blaka tanpa abang-abang lambe awit ngadohi salah tampa lan supaya gampang dimangretni. Ukara kang digunakake dening panutur yaiku ukara pitakon lan ukara pakon. Ukara pitakon katon saka ukara “yang hupe” kang ateges sapa kang kepingin tuku tahu lan tempe. Banjur ukara pakon cetha banget kanthi anane ukara “ndang”. Ing tuturan kasebut, panutur katon nggatekake kasantunan antarane dheweke lan mitra tuture, bab iki katon saka basa Krama kang digunakake marang mitra tutur kang luwih tuwa. Panutur nggunakake basa Krama supaya kanggo nuduhake rasa kumate marang mitra tutur minangka pelanggan. LP sajrone TTTDBM kasebut kalebu cara langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya.

4.1.1.3 Lageyane Panutur Blaka Langsung marang Wong Akeh dening Umur Tuwa, Jinis Kelamin Lanang, Status Ekonomi Sosial Cendhek sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

(33) P : “Es, es, es.”

MT : “Tumbas satu.”

P : “Rasa coklat ta putih?”

MT : “Sing kaya biyasane, coklat.”

Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi cendhek / MT: bocah, wadon, ekonomi sedhengan–relasi langganan: ora resmi)

LP sajrone TTTDBM kasebut ditujokake marang wong akeh. Tuturan kang diwedharake dening panutur kasebut banjur oleh pananggap saka wong kang nalika iku krungu. Tatacara kang digunakake yaiku blaka langsung. Tatacara blaka kasebut dituduhake kanthi nyebutake jinis dagangan kang digawa tanpa abang-abang lambe. Panutur nggunakake cara blaka tanpa abang-abang lambe awit ngadohi salah tampa lan supaya gampang dimangretni. Tuturan kang digunakake kanggo nawakake yaiku ukara carita kang wujud klausa. Ing tuturan kasebut, panutur nggunakake basa Ngoko, amarga mitra tuture isih bocah. LP sajrone TTTDBM kasebut kalebu cara langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya.

4.1.1.8 Lageyane Panutur Blaka Langsung marang Ijen dening Umur Tuwa, Jinis Kelamin Wadon, Status Ekonomi Sosial Cendhek

sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

(75) P : “Mbak Su, gethuk, Mbak?”

MT : “Ora, Mbak.”

Konteks: (P: tuwa, wadon, ekonomi cendhek / MT: tuwa, wadon, ekonomi sedhengan–relasi langganan: ora resmi)

LP sajrone TTTDBM kasebut ditujokake marang salah sawijine pawongan kanthi nyebutake jenenge mitra tutur. Kedadeyan kasebut dumadi nalika panutur mider banjur nawani mitra tutur kang lagi momong. Tatacara kang digunakake yaiku blaka langsung. Tatacara blaka kasebut dituduhake kanthi wujud ukara pitakon tanpa abang-abang lambe. Panutur tawa tanpa abang-abang lambe marang mitra tutur supaya gampang dimangretni. Ukara pitakon kang digunakake kanggo nawani ora ana tembung panandha kanggo ukara pitakon. Nanging, intonasine panutur cetha yen ukara kasebut minangka ukara pitakon. Panutur nggunakake cara blaka awit ngadohi salah tampa. LP sajrone TTTDBM kasebut kalebu cara langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya.

4.1.2 Lageyane Panutur Blaka ora Langsung

Jinise LP kang kapindho sajrone TTTDBM yaiku LP blaka ora langsung. LP blaka ora langsung sajrone TTTDBM ateges panutur medharake TTTDBM kanthi cara blaka tanpa abang-abang lambe lan nggunakake cara ora langsung sarana wong katelu. LP blaka ora langsung sajrone TTTDBM bisa ditujokake marang wong akeh lan ijen. Banjur ditempukake karo struktur sosiale panutur. ing ngisor iki bakal diandharake jinise LP blaka ora langsung sajrone TTTDBM.

4.1.2.1 Lageyane Panutur Blaka ora Langsung marang Wong Akeh dening Umur Tuwa, Jinis Kelamin Lanang, Status Ekonomi Sosial Sedhengan sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

(81) P : “Sing pathing tlenguk kae krupuk ta ora? Jal takoni kono!”

MT1 : “Hla Mbuh. He, Dhe krupuk ta ora? Dienteni iki hlo.”

MT2 : “Isik olehku tuku gek ingi.”

MT3 : “Sik Ron maeng wis tak kon njaluk.”

Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT1+MT3: tuwa, wadon, ekonomi cendhek / MT2: tuwa, wadon, ekonomi sedhengan–relasi langganan: ora resmi)

LP sajrone TTTDBM dumadi nalika panutur nyambi ngedoli wong tuku. Tatacara kang digunakake yaiku blaka ora langsung. Tatacara blaka kasebut dituduhake kanthi wujud ukara pitakon lan ukara pakon. Ukara pitakon kang ana ing tuturan kasebut isine nawani wong-wong nanging kanthi nakoni mitra tuture. Banjur ukara pakon kasebut isine ngongkon mitra tutur supaya medharake TTTDBM marang wong-wong kang lagi jagongan (bebarengan). LP kasebut kalebu blaka awit panutur ing kono ora nggunakake tembung pepindhan, lan uga ana tembung panandha “takoni” sajrone ukara pakon kasebut. Panutur nggunakake cara blaka awit ngadohi anane salah tampa. LP nggunakake cara ora

langsung awit panutur anggone medharake TTTDBM nggunakake sarana wong liya. Basa kang digunakake panutur yaiku basa Ngoko amarga sesambungane panutur lan mitra tutur wis raket minangka langganan.

4.1.2.8 Lageyane Panutur Blaka ora Langsung marang Ijen dening Umur Tuwa, Jinis Kelamin Wadon, Status Ekonomi Sosial Cendhek sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

- (105) P : “Iwak hlo. Pik, Mak-em nandi ta Pik? Njaluk iwak ta ora wonge? Takoni!”
 MT1 : “Na omah. Mak, tuku iwak ta gak? Dienteni Mak Jah.”
 MT2 : “Iya Pik. Kon ngenteni!”
 Konteks: (P: tuwa, wadon, ekonomi cendhek / MT1: bocah, wadon, ekonomi cendhek / MT2: tuwa, wadon, ekonomi cendhek–relasi langganan: ora resmi)

LP sajrone TTTDBM dumadi nalika panutur mandheg ing ngarep omahe mitra tutur. Tatacara kang digunakake yaiku blaka ora langsung. Tatacara blaka kasebut dituduhake kanthi wujud ukara pakon. Ukara pakon kasebut isine ngongkon mitra tutur supaya medharake TTTDBM marang ibune (ijen) kang ana ing omah. LP kasebut kalebu blaka awit panutur ing kono ora nggunakake tembung pepindhan, lan uga ana tembung panandha “takoni” sajrone ukara pakon kasebut. Tembung “takoni” nduweni teges supaya mitra tutur nawani wong kang dikarepake. Panutur nggunakake cara blaka awit ngadohi anane salah tampa. LP nggunakake cara ora langsung awit panutur anggone medharake TTTDBM nggunakake sarana wong liya. Basa kang digunakake dening panutur yaiku basa ngoko. Panutur nggunakake basa ngoko amarga mitra tuture isih umur bocah.

4.2 Jinise Pananggape Mitra Tutur sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

LP sajrone TTTDBM kang wis ditindakake banjur oleh pananggap saka mitra tutur. Jinise PMT sajrone TTTDBM ana loro yaiku nampa lan nampik. Kang dadi lelandhesan kanggo meruhi PMT yaiku saka LP. PMT nampa TTTDBM yaiku PMT kang nampa lan uga nindakake LP. PMT nampa TTTDBM bisa wutuh lan bisa saperangan dening bebarengan lan ijen. Dene PMT nampik TTTDBM yaiku pananggape mitra tutur kang nampik lan selak tumrap LP. PMT nampik TTTDBM bisa wutuh lan bisa saperangan dening bebarengan lan ijen. PMT kasebut banjur ditempukake karo jinise LP kang asile ana 43 Ing ngisor iki bakal diandharake lan dijlentrehake PMT sajrone TTTDBM.

4.2.1 Pananggape Mitra Tutur Nampa Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

PMT nampa TTTDBM yaiku PMT kang nampa lan sarujuk marang LP sajrone TTTDBM. PMT nampa diperang dadi papat yaiku PMT nampa wutuh bebarengan, PMT nampa wutuh ijen, PMT nampa saperangan bebarengan, lan PMT nampa saperangan ijen. Kapapat jinis PMT nampa kasebut bakal ditempukake karo struktur sosiale MT sajrone LP TTTDBM. Ing

ngisor iki bakal diandharake lan dijlentrehake PMT nampa TTTDBM.

4.2.1.1 Pananggape Mitra Tutur Nampa Wutuh Bebarengan Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider Blaka Langsung marang Wong Akeh dening Umur Tuwa, Jinis Kelamin Lanang, Status Ekonomi Sosial Sedhengan

- (2) P : “Salak, semangka, anggur, blimbing.”
 MT1 : “Piran salake? Nem ewu?”
 P : “Ya, nem ewu. Anggur ta? Gedhe-gedhe anggure legi.”
 MT1 : (Gedheg siraha, banjur milih salak supaya ditimbang)
 MT2 : “Blimbinge apa iki, Lik? Piran?”
 P : “Ora tasik, tapi legi.”
 MT2 : “Ndang timbangna setengah!”

Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT1+MT2: tuwa, wadon, ekonomi cendhek - relasi langganan: ora resmi)

- (6) P : “Tahu, tempe, krupuk. Yang hupe yang hupe? Ndang dha rene hlo yang hupe!”
 MT1 : (nyedhaki bakul banjur ngulungi dhuwit)
 P : “Tahu kalih ewu?”
 MT1 : “Empat ribu.”
 MT2 : “Krupuk rong ewu, Cung.”
 P : “Sampun, Mbah?”

Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT1: enom, wadon, ekonomi sedhengan / MT2: tuwa, wadon, ekonomi cendhek –

- (11) P : “Yang krupuk. Yang krupuk, yang krupuk?”
 MT1 : “Pak Lik, enteni!”
 MT2 : “Rongewu Lik.”
 MT1 : “Tumbal kalih ewu Pak Lik.”
 P : “Nyuwun pinten Mbah?”
 MT3 : “Padha karo Gendhuk maeng.”

Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT1: enom, wadon, ekonomi sedhengan / MT2+MT3: tuwa, wadon, ekonomi cendhek–relasi langganan: ora resmi)

- (13) P : “Brambange, brambange?”
 MT1 : “Pinten Pak?”
 P : “Gangsal welas.”
 MT2 : “Kok larang?”
 MT1 : “Hla iya. Kalih welas ya Pak? Wong teng peken kalih welas kok.”
 P : “Tambahi ta Bu!”
 MT1 : “Mpun pas kalih welas nek angsal.”
 MT2 : “Nek oleh rolas aku tak njupuk menisan Pak Lik.”

P : “Nggih mpun, nggih mpun. Nedhi pinten?”
 MT1 : “Setunggal mawon.”
 Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT1: tuwa, wadon, ekonomi

- (14) P : “Batale, gulinge, sing empuk. Bantal, guling empuk.”
 MT1 : “Pinten, Pak?” (karo nyekel bantal)
 P : “15, Bu.”
 MT1 : “Mboten 10 wae ta?”
 MT2 : “Iya Pak, nek oleh 10 aku ya melu njupuk loro.”
 P : “Nggih sampun. Gulinge mboten?”
 Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT1: tuwa, wadon, ekonomi cendhek / MT2: tuwa, wadon, ekonomi sedhengan – relasi ora langganan: ora resmi)
- (16) P : “Ayo yang sandhal, yang sandhal, serba sepuluh ribu! Murah murah serba sepuluh ribu.”
 MT1 : “Sepuluh ewu kabeh iki?”
 P : “Nggih, Bu. Sepuluh ribuan, mangga dipilih-dipilih!”
 MT2 : “Iki gak ana sing ukuran 37?”
 MT3 : “Njupuk loro 18 ya?”
 MT4 : “Sing kanggo wong lanang endi? Nukokno Pak-ane.”
 Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT1+MT2+MT4: tuwa, wadon, ekonomi sedhengan / MT3: tuwa, wadon, ekonomi cendhek-relasi ora langganan: ora resmi)
- (17) P : “Mangga, ibu-ibu perabot rumah tanggane lengkap, sepuluh ribu Tiga! Perabot rumah tangga lengkap, perabot rumah tangga.”
 MT1 : “Ana Suthil?”
 P : “Wonten, Bu, sik tak golekna.”
 MT2 : “Ladinge pira?”
 P : “Sepuluh ribu tiga, sepuluh ribu tiga perabot rumah tanggane. Mangga ibu-ibu!”
 MT3 : “Aku jupukna sapu lantai kae, Lik!”
 MT4 : “Sendhoke stenles iki? Pira sak lusin?”
 MT5+MT6 : (mung melu nglumpuk saperlu ndelok-ndelok).
 Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT1: tuwa, wadon, ekonomi Sedhengan MT2+MT3+MT4+MT5+MT6 : tuwa, wadon, ekonomi cendhek–relasi ora langganan: ora resmi)
- (3) P : “Rambutan, rambutan. Rambutan limangewu rega dulur, pitungewu rega musuh hlo. Na kene rambutane hlo!”
 MT1 : “Kowe ki mider nek tawa kok aneh-aneh.”
 P : “Eh, hla piye nek ora aneh ora ana sing metu je.”
 MT1 : “Njaluk sekilo pira? Telungewu?”
 P : “E.. aja ngawur rega dulur kok isik

- dienyang. Limangewu mbak Tut.”
 MT2 : “Aku njaluk rong kilo, pira Wan?”
 Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan MT1 + MT2: tuwa, wadon, ekonomi cendhek – relasi langganan: ora resmi)
 Dhata (2), (6), (9), (13), (14), (16), (17), lan (3) kalebu PMT nampa wutuh bebarengan LP blaka langsung marang wong akeh dening UT, JKL, SESS sajrone TTTDBM. Ing dhata (2), (6), (9), (13), (14), (16), (17), lan (3) ukara kang dituturake dening mitra tutur kanggo nampa lageyane panutur ora nganggo tembung panandha “tumbas”. Mitra tutur nampa LP kanthi ukara-ukara liya kanggo nyarujuki, saliyané iku mitra tutur uga nampa lageyane panutur kanthi *kinesik* yaiku kanthi nuku dagangane panutur. Mung dhata (11) kang nganggo tembung panandha “tumbas”.

4.2.2 Pananggape Mitra Tutur Nampik Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider

PMT nampik TTTDBM yaiku PMT kang nampik lan ora sarujuk marang LP sajrone TTTDBM. PMT nampik diperang dadi papat yaiku PMT nampik wutuh bebarengan, PMT nampik wutuh ijen, PMT nampik saperangan bebarengan, lan PMT nampik saperangan ijen. Kapapat jinis PMT nampik kasebut bakal ditemukake karo struktur sosiale MT sajrone LP TTTDBM. Ing ngisor iki bakal diandharake lan dijlentrehake PMT nampik TTTDBM.

4.2.2.1 Pananggape Mitra Tutur Nampik Wutuh Bebarengan Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider Blaka Langsung marang Wong Akeh dening Umur Tuwa, Jinis Kelamin Lanang, Status Ekonomi Sosial Sedhengan

PMT nampik wutuh bebarengan TTTDBM yaiku pananggape mitra tutur tumrap lageyane panutur kang nampik lan ora sarujuk. Lumrahe PMT nampik TTTDBM bisa dititiki kanthi panandha “ora”, “gak”, “mboten” lan ukara liya kang isine kosok balen tumrap LP. PMT nampik TTTDBM kanthi *kinesik* bisa dititiki kanthi meruhi mitra tutur kang nggedhegake sirah utawa meneng wae ora nyedhaki kanggo nuku dagangane panutur. PMT nampik TTTDBM dening bebarengan ateges cacahé mitra tutur kang nampik luwih saka siji (wong akeh).

- (1) P : “Salak, semangka, anggur.”
 MT : -
 Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT: 0 :ora resmi)
- (5) P : “Tahu, tempe, krupuk.”
 MT : -
 Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT: 0 :ora resmi)
- (7) P : “Bubur. Bubur.”
 MT : -
 Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT: 0 :ora resmi)
- (9) P : “Tela, tela, bolet, bolet.”
 MT : -

- Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT: 0 :ora resmi)
- (12) P : “Sur, kasur, kasur.”
MT : -
Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT: 0 :tidak resmi)
- (15) P : “Bantale, bantale, guling, guling. Mangga tumbas bantal guling mumpung panen Pak, Bu!”
MT : -
Konteks: (P: tuwa, lanang, ekonomi sedhengan / MT: 0 :tidak resmi)


Dhata (1), (5), (7), (9), (12), lan (15) kalebu PMT nampik wutuh bebarengan LP blaka langsung marang wong akeh dening UT, JKL, SESS sajrone TTTDBM. Dhata kasebut kalebu PMT kanthi *kinesik*. PMT nampik lageyane panutur kanthi ora mangsuli lan uga ora nyedhak kanggo nuku apa kang ditawakake dening panutur utawa bisa diarani mitra tutur ora menahi pananggap marang LP.

4.3 Asil Panliten lan Dhiskusi Asil Panliten

Adhedhasar andharan lan jlentrehane asil panliten, ditemokake jinise LP lan PMT sajrone TTTDBM ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban. Jinise LP sajrone TTTDBM diperang dadi rong perangan gedhe yaiku LP blaka langsung lan LP blaka ora langsung. Kekarone banjur ditempok karo cacah pawongan kang dituju yaiku bebarengan lan ijen, lan uga ditempok karo struktur sosiale panutur yaiku umur, jinis kelamin, lan status ekonomi sosial saengga cacah ana 16 jinis. Dene jinise PMT sajrone TTTDBM uga diperang dadi rong perangan gedhe yaiku PMT nampa lan PMT nampik. Kekarone banjur ditempok karo cacah MT yaiku bebarengan wutuh, bebarengan saperangan, ijen wutuh, lan ijen saperangan lan uga ditempok karo jinise LP saengga cacah ana 43 jinis. Supaya luwih cetha bakal diandharake ing bagan ngisor iki.


Bagan 1

Jinise Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider




Bagan 2

Jinise Lageyane Panutur sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider




Bagan 3

Lageyane Panutur sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider



Bagan 4

Jinise Pananggap Mitra Tutur sajrone Tindak Tutur Tawa Dagangan dening Bakul Mider



Jinise TTTDBM ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban ditamtokake dening konteks yaiku struktur sosiale panutur, relasi sosial, lan kahanan sosial. Struktur sosial yaiku umur, jinis kelamin, lan status ekonomi sosial. Kanthi dhasar umur mung ana umur tuwa. Bab iki disebabake amarga kabeh umure bakul kang ana ing Desa Sembungrejo kalebu umur tuwa. Saka jinis kelamin, panutur diperang dadi loro yaiku jinis kelamin lanang lan jinis kelamin wadon. Dene saka struktur ekonomi sosial bakul mider diperang dadi loro yaiku struktur ekonomi sosial cendhek lan struktur ekonomi sosial sedhengan. Jinis TTTDBM dumadi saka jinise LP lan jinise PMT. Adhedhasar jinise LP lan jinise PMT, jinise TTTDBM ing Desa Sembungrejo, Kecamatan Plumpang, Kabupaten Tuban cacah ana 59 jinis.

Jinise LP ana loro yaiku blaka langsung lan blaka ora langsung. Rong perangan gedhe saka jinise LP kasebut banjur ditempokake cacah mitra tutur kang dituju yaiku bebarengan lan ijen saengga dadi patang jinis. Sawise iku patang jinis LP kasebut ditempokake maneh karo struktur sosial panutur yaiku umur tuwa, jinis kelamin lanang lan wadon, status ekonomi sosial cendhek lan sedhengan, saengga ngasilake 16 jinis LP sajrone TTTDBM. Jinise LP sajrone TTTDBM nggunakake patang pola yaiku pola deskriptif, pola argumentatif, pola persuasif, lan pola sugestif.

LP kanthi cara blaka langsung kerep banget digunakake sajrone TTTDBM. Amarga kanthi cara blaka langsung, panutur bisa luwih amba cakupan tuturane

kanggo ngandharake dagangan saengga bisa narik kawigatene mitra tutur. Cara blaka kang digunakake panutur yaiku blaka tanpa abang-abang lambe. LP blaka tanpa abang-abang lambe sajrone TTTDBM umume digunakake dening panutur kang nduweni relasi sosial cedhak karo mitra tutur. Relasi sosial cedhak ing panliten iki yaiku minangka langganan. LP blaka tanpa abang-abang lambe sajrone TTTDBM iki nduweni drajad kasantunan kang cendhek, amarga panutur umume nggunakake basa ngoko marang mitra tutur. Bab iki cundhuk karo panemune Chaer (2010:69) yen saya cendhak sesambungan sosial antarane panutur lan mitra tutur mula saya kurang santun tuturan kasebut. Panutur kang nggunakake basa krama sajrone nawakake umume ditujokake marang mitra tutur kang nduweni status ekonomi sosial dhuwur. Tujuwane kanggo ngormati mitra tuture. Panutur kanthi jinis kelamin lanang luwih kerep nganggo basa krama nalika nawakake tinimbang panutur wadon. Bab iki ora cundhuk karo kang diandharake Chaer (2010:65) yen panutur wadon lumrahe nduweni tingkat kasantunan luwih dhuwur tinimbang panutur lanang.

LP blaka ora langsung sajrone TTTDBM mung kadhang kala wae digunakake dening bakul. Bab iki disebabake amarga yen TTTDBM ditindakake dening wong katelu, andharan ngenani dagangane bakal beda, ateges kurang narik kawigatene. Saliyane kuwi, andharan saka wong katelu uga bakal luwih santun (alus tuturane) senjata ora nganggo basa krama. Bab iki cundhuk karo panemune Chaer (2010:67) yen saya ora langsung sawijine tuturan mula saya santun tuturan kasebut. Lan saya cedhak relasi sosial bakal ndadekake pocapan kasebut kurang santun. Wong katelu sajrone TTTDBM umume nduweni sesambungan raket karo panutur. Sesambungan rake ting kene yaiku minangka langganan. Struktur sosial kanggo wong katelu sajrone TTTDBM ora langsung ora ana wewatesane. Umure bisa saka umur bocah, enom, nganti umur tuwa. Jinis kelamine bisa lanang lan wadon. Lan status ekonomi soziale bisa saka status ekonomi sosial cendhek, sedhengan, lan dhuwur.

LP ora blaka ora digunakake sajrone TTTDBM. Amarga yen nggunakake cara ora blaka, TTTDBM bakal ora cetha lan mitra tutur bakal angel nampa kekeparepan panutur. Saliyane kuwi, TTTDBM uga luwih ngutamakake andharan cetha ngenani dagangan. Luwih cetha lan luwih apik andharan ngenani dagangan, mitra tutur bakal luwih minat nuku. Mokal yen panutur ngandharake kaluwihane dagangane kanthi cara ora blaka.

LP ditujokake marang wong akeh sajrone TTTDBM umume mung nyebutake jinis dagangan apa kang digawa. Banjur nalika wis ana mitra tutur kang menehi pananggap, panutur bakal ngandharake kahanan dagangane, umume ngandharake kaluwihane dagangan. Nanging, uga ana LP marang wong akeh kanthi nggunakake ukara-ukara kang dawa kanggo narik kawigatene mitra tutur. Ukara kang digunakake panutur sajrone TTTDBM marang wong akeh umume arupa ukara carita. LP kang ditujokake marang wong akeh bisa oleh pananggap saka bebarengan lan uga bisa oleh

pananggap mung saka ijen. Bab iki gumantung tuturane panutur kanggo ngaruh-aruhi mitra tuture. Panutur kang pinter ngrakit ukara kanggo ngaruh-aruhi bakal oleh pananggap kang luwih akeh saka mitra tuture. Bab iki kang mbedakake panliten ngenani jinis TTTDBM karo panliten tindak tutur liyane. Umume, panliten ngenani tindak tutur liyane mung awujud *komunikasi searah* (pananggap ijen). Kabukti saka panliten kang wis ana kayata panliten tindak tutur dening Danang Wijoyanto taun 2014 lan Mar'atus Sholihah taun 2013 kang ngandharake tindak tutur kanthi pananggap ijen.

LP marang ijen sajrone TTTDBM umume ditujokake marang pawongan kang nduweni sesambungan akrab minangka langganan. Panutur tawa dagangan marang ijen kanthi nyebutake jinis dagangane kang kasartan jenenge mitra tutur. Umume ukara kang digunakake sajrone TTTDBM marang ijen arupa ukara pitakon. LP kang ditujokake marang ijen bisa oleh pananggap saka ijen lan uga bisa oleh pananggap saka bebarengan. Panutur bakal oleh pananggap bebarengan nalika wong-wong sakiwa tengene krungu yen panutur lagi nawakake.

Pola nawakake kang digunakake dening panutur sajrone TTTDBM bisa dideleng saka makna sajrone ukara. Kaya kang wis diandharake sadurunge, pola nawakake ana patang jinis yaiku pola deskriptif, argumentatif, persuasif, lan sugestif. Adhedhasar cacah dhata kang akehe 109 bisa kacathet asile panliten yen umume panutur nggunakake pola deskriptif. Panutur mung menehi gegambaran utawa deskripsi ngenani barang dagangane. Adhedhasar dhata ing panliten iki, cacah panutur kang nggunakake pola deskriptif ana 88 LP, kanthi jlentrehan 42 MT nampa, 42 MT nampik, lan 4 MT nampa saperangan. Cacah panutur kang nggunakake pola nawakake argumentatif ana 5 LP, kanthi jlentrehan 4 MT nampa lan 1 MT nampik. Cacah panutur kang nggunakake pola nawakake persuasif ana 16 LP, kanthi jlentrehan 13 MT nampa lan 3 MT nampik. Dene cacah panutur kang nggunakake pola nawakake sugestif ora ana. Kudune panutur luwih akeh nggunakake pola nawakake persuasif. Amarga bakal luwih *efektif* kanggo narik kawigatene mitra tutur. Bab iki kabukti saka dhata TTTDBM kanthi pola nawakake persuasif kang bisa nuwuhake pananggap bebarengan luwih kerep tinimbang pola nawakake kang liyane.

Jinise PMT sajrone TTTDBM ana loro yaiku nampa lan nampik kang minangka perangan gedhe. PMT nampa lan nampik bisa wutuh lan saperangan dening ijen lan bebarengan. Banjur ditemukake karo jinise LP kang cacah ana 16. Jinise PMT kudune cacah ana 64, nanging adhedhasar dhata TTTDBM kang cacah 109 banjur ditemokake asil jinise PMT kang cacah ana 43 jinis. PMT bisa nampa wutuh kanthi bebarengan lan ijen LP blaka langsung lan blaka ora langsung. Semono uga PMT bisa nampa wutuh kanthi ijen lan bebarengan LP blaka langsung lan blaka ora langsung marang ijen. PMT nampa lan nampik saperangan bebarengan utawa ijen ateges wong-wong kang ditawani ana kang nampa lan ana kang nampik ing wektu lan papan kang padha kanthi bebarengan. Saliyane PMT nampa, uga ana PMT nampik.

PMT nampa LP lumrahe panutur nggunakake ukara-ukara kang ngupaya ndadekake mitra tutur sarujuk, kayata ngandharake kaluwihane dagangan kang ditawakake, nggunakake celukan mligi, intonasi mligi, nganti nggunakake ukara persuasif. PMT nampik LP lumrahe panutur sajrone tawa dagangan ora nggunakake tuturan-tuturan kang ndadekake MT sarujuk. PMT kanthi cara *kinesik* kanggo nampa lan nampik LP sajrone TTTDBM. PMT nampa utawa nampik nggunakake cara *kinesik* umume ana ing posisi (jarak) kang cedhak karo panutur, saengga panutur bisa ndeleng PMT kang *kinesik* kasebut. PMT nampa utawa nampik lageyane panutur nggunakake cara verbal bisa ana ing posisi (jarak) kang adoh lan bisa ana ing posisi (jarak) kang cedhak. Ora ana wewatesan struktur sosial kang dadi paugeran kanggo PMT nampa lan nampik LP sajrone TTTDBM. LP sajrone TTTDBM bisa katampa lan katampik dening mitra tutur umur bocah, enom, tuwa, jinis kelamin lanang lan wadon, lan status ekonomi sosial cendhek, dhuwur, sedhengan. Panliten iki uga ngasilake ukara TTTDBM kang bisa awujud tembung, frasa, lan klausa kanthi pola nawakake deskriptif, argumentatif, lan persuasif. Dene teks ing TTTDBM ditamtokake dening konteks.

PANUTUP

5.1 Dudutan

TTTDBM dumadi tanpa anane sumber saka mitra tutur kang njalari dumadine tindak tutur kasebut. TTTDBM tuwuh saka kekarepane panutur iku dhewe tanpa oleh pangaribawa saka MT. Jinise TTTDBM cacache ana 59. TTTDBM diasilake saka jinise LP lan PMT sajrone TTTDBM. Jinise LP sajrone TTTDBM ana loro. Dideleng saka tatacara kang digunakake lan tata cara medharake yaiku blaka langsung lan blaka ora langsung. Rong jinis kasebut banjur ditempek karo cacache mitra tutur kang dituju lan struktur sosiale panutur saengga cacache dadi 16 jinis. Dene jinise PMT sajrone TTTDBM ana loro yaiku nampa lan nampik kang banjur ditempek karo LP saengga cacache ana 43 jinis.

Struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial menahi daya pangaribawa tumrap TTTDBM. TTTDBM blaka langsung lan blaka ora langsung umume ditindakake dening panutur kanthi umur tuwa. Jinis kelamin lanang luwih kerep nindakake TTTDBM. TTTDBM ditindakake dening panutur kang nduweni status ekonomi sosial cendhek lan sedhengan. TTTDBM akeh-akehe ditindakake dening bakul marang mitra tutur kang nduweni relasi sosial langganan lan kahanan ora resmi. Teks ditemtokake dening konteks.

5.2 Pamrayoga

Panliten ngenani lageyane panutur lan pananggape mitra tutur sajrone TTTDBM tanpa anane sumber kanthi lelandhesan struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial isih akeh kang durung diteliti kanthi jeru. Dhata kang kurang jangkep lan bab-bab liya njalari panliten iki isih adoh saka tembung sampurna. Ing kene panliti rumangsa yen panliten iki isih akeh kurange. Mula saka kuwi tundak tutur nawakake dagangan bakul mider isih perlu dirembakakake supaya luwih sampurna.

KAPUSTAKAN

- Antunshono. 1956. *Reringkasaning Parama Sastra Djawa*. Djogjakarta: Penerbit Soejadi.
- Austin, J.L. 1962. *How to Do Things with Words*. London: Oxford University Press.
- Azwar, Saifuddin. 1998. *Metode Penelitian*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Chaer, Abdul. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Cummings, Louise. 1999. *Pragmatik Sebuah Prespektif Multidisipliner (Jarwan)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Hadiwijana, R. D. S. 1967. *Tata Sastra*. Jogjakarta: U. P. Indonesia.
- Ibrahim, Abdul Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Ibrahim, Abdul Syukur. 1994. *Panduan Penelitian Etnografi Komunikasi*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Ibrahim, Abdul Syukur. 2009. *Metode Analisis Teks dan Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. Kamus Linguistik (Edisi Ketiga). Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-Prinsip Pragmatik*. Jakarta: Universitas Indonesia Press.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa: Tahap Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Moleong, Lexy J. 2010. *Teknik Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Nababan, P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Lembaga Kependidikan.
- Nadar, FX. 2009. *Prgamatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Padmosoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: P.T. Citra Jaya Murti.
- Parera, Jos Daniel. 1990. *Teori Semantik*. Jakarta: Erlangga.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1953. *Baoesastra Djawi*. Jakarta: Noordhof Kolff N.V.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Jakarta: Noordhoff Kolff N.V.
- Pranowo. 2009. *Berbahasa Secara Santun*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rahardi, R. Kunjana. 2003. *Berkenalan dengan Ilmu Bahasa Pragmatik*. Malang: Dioma.
- Santoso, Riyadi. 1999. *Semiotika Sosial Pandangan terhadap Bahasa*. Jawa Tengah: JP Press Pustaka Eurika.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sastrasoepadma, S. 1958. *Paramasastra Djawi*.

- Jogyakarta: Soejadi.
- Schiffirin, Deborah. 2007. *Ancangan Kajian Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar (Editor: Abd. Syukur Ibrahim).
- Subagyo, Rahmad. 2009. *Titi Ukara Basa Jawa*. Unesa: Surabaya.
- Sudaryanto. 1986. *Metode Linguistik, Bagian Pertama: Metode dan Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Sudaryanto. dkk. 1991. *Kamus Indonesia - Jawa*. Yogyakarta: Duta wacana University Press.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana.
- Sumarsono. 2013. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Sabda dan Pustaka Pelajar.
- Tarigan, Henry Guntur. 1994. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset.
- Yule, George. 2006. *Pragmatik (Penerjemah Indah Fajar Wahyuni)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset.
- Zoetmulder, P.J. 2011. *Kamus Jawa Kuna Indonesia*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.

